

Sipòte lang ak alfabetizasyon

8 Lane: Konpreyansyon ak lekti pou aprann

Alfabetizasyon se plis pase jis li mo sou yon paj. Se konprann istwa a, aprann konnen pèsonaj yo, epi eseye devine sa ki pral rive apre. Pitit ou ap prepare pou pase de etap kote li ap aprann li rive nan etap kote li ap li pou aprann. Si pitit ou gen difikilte pou konprann sa li li, li ka bezwen plis èd pou bati vokabilè li oswa pou pratike ladrès fonetik yo.

Konsèy ak Aktivite



Pandan pitit ou ap li awotwva, ede li trete sa li ap li a lè ou poze kesyon sou diferan aspè nan istwa a, pa egzanp kiyès, kisa, kilè, ki kote, ak poukisa.

Mande pitit ou pran defi pou li epi chèche konprann sans nouvo mo yo lè li sèvi ak ladrès tankou fonetik, endis nan kontèks la, ak imaj.



Eksplòre yon tèm pitit ou ap etidye nan klas la nan nouvo fason, pa egzanp plant, avyon, elatriye.



Fè koneksyon Lè yon liv mansyone yon kote ou te ale avèk pitit ou oswa aktivite nou te fè ansanm, pale sou souvni sa yo. Lè timoun yo konekte sa yo deja konnen ak sa y ap li, sa ede yo konsantre.



Etap tipik langaj

Konnen epi aplike relasyon ki genyen ant son ak lèt pou li dekode mo ki koresponn ak nivo klas li

Kòmanse li ak presizyon, ak vitès ki apwopriye, ak ekspresyon pou sipòte

Dekri fason pèsonaj yo reyaji lè gen evènman nan istwa a

Pale klè, ak yon vitès moun ka konprann

Detèmine si liv yo se fiksyon oswa pa fiksyon

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksès. Si ou remake pitit ou gen difikilte ak yon ladrès, li pa rive atenn plizyè etap enpòtan, oswa si ou santi gen yon bagay ki pa twò nòmal, pale ak founisè swen sante pitit ou a.



Kèk konsèy pou ede ou menm ak pitit ou reyisi lè w ap pale ak founisè swen sante li a:

Kenbe yon journal

Ekri bagay ou remake pitit ou ap fè, oswa li pa fè, ki fè ou santi ou enkyete.

Sèvi ak resous ou yo

Eksplòre sitwèb ki nan lis pi ba yo pou jwenn lis etap enpòtan yo, lis siy avètisman bonè, videyo, ak plis ankò.

Fè entwisyon ou konfyans

Se ou ki pi byen konnen pitit ou e ou se pi bon moun ki ka defann li. Pa pè pran lapawòl.

ADDITIONAL RESOURCES

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[tap enpòtan CDC yo](#)